

Fwod Ekwokri

Jwenn plis enfòmasyon sou kisa yo ye, kijan yo fonksyone epi kijan pou w idantifye yo.

1. Kisa yon Fwod Ekwokri Ye?

Fwod eskwokri se anak ki fè sa ki annapre yo:

- Fè tantativ pou twonpe w pou w pataje oswa bay enfòmasyon pèsonèl, ki enpòtan
- Fè tantativ pou twonpe w pou w fè yon bagay oswa yon aksyon (tankou klike sou yon lyen) ki ka enstale yon lojisyèl malveyan sou aparèy ou

Souvan, pirat enfòmatik yo jwenn bagay tankou adrès imèl nan vyolasyon done epi apresa yo voye anak eskwokri yo nan imèl pou eseye twonpe w oswa eskwoke w.

2. Kijan Mwen Ka Idantifye yon Fwod Ekwokri?

Fwod eskwokriyo ka parèt sou divès fòm:

- Imèl
- Mesaj tèks
- Apèl telefòn

Yo souvan itlige demann emosyonèl oswa diferan lyen nan lide pou twonpe w.

Sa yo ka gen ladan yo:

- **Laperèz:** Anak la pral di w k e ou dwe lajan oswa ke ou nan yon pwoblèm kèlkonk pou w ka panike epi pou w fè sa yo mande w fè a.
- **Konpasyon:** Anak la pral rakonte w yon istwa tris oswa jwenn senpati w nan lide pou konvenk ou pou w fè yon bagay
- **Yon opòtinite oswa yon prim:** Anak la pral prezante w yon fo opòtinite (tankou

NYC Digital Safety

Privacy & Security

yon vwayaj) nan lide pou eksite w epi konvenk ou pou w fè yon bagay

- **Travay oswa demann woutin:** Anak la pra l parèt tankou yon demann ki nòmal, komen ki soti nan espas travay ou, kòm egzanp

3. Kijan Mwen Ka Idantifye Fwod Eskwokri yo?

Men kèk ti konsèy pou fè w pran prekosyon epi evite fwod eskwokri yo:

- **Fè atansyon ak kisa ou klike sou yo oswa ouvri**

Pa klike touswit sou bagay ni ouvri bagay ki parèt dwòl oswa sisplèk. Si w pa t ap tann pou resevwa yon bagay oswa si demann nan parèt ijan anpil oswa enkyetan, ralanti epi verifye anvan ou angaje w pou fè nenpòt bagay

- **Verifye ki moun ki voye imèl la ak tout lyen yo**

Èske adrès imèl la parèt lejitim? Avèk fwod eskwokri nan imèl yo, non moun ki swadizan voye l la parèt legal, men adrès imèl la pap koresponn ak non moun ki voye l la. Lyen an kapab tou yon ti lyen URL oswa yon bagay ki sisplèk. Ou kapab verifye lè w pase kisè a sou lyen an. Sonje: pa klike sou okenn bagay anvan ou verifye l!

- **Reflechi sou demann nan**

Èske ou menm genyen yon kont ak kote sa a? Panse ak sa yo mande w la

- **Fè atansyon ak lang demann nan**

Fwod eskwokri yo ka itilize salitasyon ki dwòl (tankou “Hi dear” olye yo itilize non w) oswa fraz ki etranj. Erè tipografik, erè gramè ak lòt pwoblèm kapab tou yon siy ke li pa soti nan yon òganizasyon ki legal. Epitou, fè atansyon ak sa yo mande w pou fè yo. Egzanp, òganizasyon legal yo pa pral mande w pou pataje enfòmasyon sansib nan telefòn ni pou bay modpas ou

- **Fè yon rechèch**

Fè rechèch sou sa yo mande w fè a ka yon bon desizyon pou pran! Souvan, ou kapab jwenn rapò ak atik sou gwo fwod eskwokri ki komen, epi rechèch ou a ka ede w konfime si se yon anak oswa si se pa youn

4. Kijan Mwen Ka Evite Fwod Eskwokri yo?

Asire w ke w ap pratike bon netwayaj modpas ak sekirite nimerik!

- Mete paramèt sekirite w yo ajou sou aparèy ou yo
- Itilize otantifikasyon ki gen plizyè faktè pou ajoute yon kouch sekirite nan sit ou itilize yo
- Sovgade done w yo

Bon pratik sekirite done ka ede w kenbe done w ak enfòmasyon w sekirize epi ede w evite tonbe anba fwod eskwokri. Men sonje, fwod eskwokri yo komen anpil epi yo pwopaje toupatou. Li prèske enposib pou evite yo nèt, se poutèt sa li enpòtan pou rekònèt yo.

5. Reflechi sou Eksperyans Pase W yo

Ki kalite fwod eskwokri ou te konn wè anvan? La a, fè lis kèk remak sou sa ou wè, rankontre epi tandé:

6. Teste Konesans ak Konpetans Ou

Teste konpetans ou epi dekouvi kijan pou pi byen idantifye fwod eskwokri yo ak aktivite sa a:

- Teste konpetans ou ak Kwiz Eskwokri sa a ki soti nan Google:
<https://phishingquiz.withgoogle.com/>
- Lè w fin pran kwiz la, travay nan ti gwoup pou egzamine kèk egzanp ki komen sou fwod eskwokri sou sit sa a: <https://www.phishing.org/phishing-examples>
- Gade ki tandans ou remake epi ki teknik manipilasyon yo itilize pou egzanp sa yo